



Haverhill Public Schools

Office of the Superintendent



Chè Fanmi yo,

N ap ekri w pou envite w rejwenn lekòl ou a, distri ou a, ak Depatman Edikasyon Elemantè ak Segondè Eta a (DESE) nan yon kanpay pou amelyore prezans elèv yo.

Pandemi COVID-19 la te deranje anpil woutin, ki gen ladan abitud pou ale lekòl chak jou. Nou konnen souvan gen rezon valab pou elèv yo absan, men, nan yon limit ki enkyetan, elèv yo rate plis jou lekòl kounye a pase jan sa te ye anvan. Anvan pandemi an, 13 pousan elèv yo te absan abityèlman, sa vle di yo te rate 10 pousan oswa plis nan ane lekòl la. **Ane pase a, 22 pousan elèv yo – prèske 1 sou 4 nan tout eta a – te absan abityèlman.**

Rate anpil jou lekòl – 18 jou oswa plis nan yon ane lekòl tipik – ka lakòz yon timoun an reta nan aprantisaj li epi rate opòtinite pou konstwi relasyon pozitif ak lòt elèv yo ak anplwaye lekòl la. Pèt sa yo ka lakòz plis enkyetid epi entèwonp devlopman sosyal ak emosyonèl.

Absanteyis abityèl parèt nan tout kalite distri – nan vil, nan banlye, zòn riral, rejyonal, lekòl piblik tradisyonèl, lekòl teknik pwofesyonèl, lekòl charter, lekòl elemantè, lekòl presegondè, ak lekòl segondè.

Anpil etid rechèch te konkli ke kèlkeswa revni fanmi an oswa orijin li, elèv ki gen paran ki patisipe nan edikasyon yo gen plis chans pou yo gen nòt ki pi wo ak nòt tè, ale lekòl regilyèman, gen pi bon konpetans sosyal, montre pi bon konpòtman, epi adapte yo byen ak lekòl la. Nou vle tout elèv nou yo gen opòtinite pou reyalize tout bagay sa yo.

Depatman Edikasyon Elemantè ak Segondè eta a pran angajman pou sipòte distri w la pandan l ap travay pou asire ke chak lekòl an sekirite, akeyan, ak solidè, avèk ansèyman enteresan ak kreyatif ak salklas ki gen lajwa. Distri w la ak lekòl yo pran angajman pou fè patenarya avèk ou pou jwenn fason pou yo retire tout baryè ki ka anpeche yon timoun vini lekòl chak jou. N ap mande w pou w pran angajman pou w fè de prezans nan lekòl chak jou yon pati nan woutin fanmi w ankò. Antanke chèf fanmi ou, ou se enflyansè ki pi bon ak pi enpòtan pou pitit ou a. Lè ou fè de sa yon devwa pou mennen l lekòl chak jou, li pral konprann ke sa enpòtan pou reyisit li.

Okenn nan nou pa ka chanje absans abityèl poukont nou, men nou kwè lè nou travay ansanm pou mennen elèv yo lekòl la epi ofri anviwònman ki enteresan ak solidè, elèv nou yo pral aprann, grandi, ak epanouyi.

Mwen swete w yon sezon fèt nan lapè,

Jeffrey Riley, Komisè
Massachusetts Dept. of Elementary and Secondary Education

Margaret Marotta, Ed.D., Superintendent
Haverhill Public School